



APÈSI MIZE AK ENSTALASYON KILTIRÈL AK ISTORIK YO AK VIZIT GIDE YO

Kad ki anba a reprezante rekòmandasyon operasyonèl Vil Boston pou **Mize ak Enstalasyon Kiltirèl ak Istorik yo ak Vizit Gide yo**. Rekòmandasyon operasyonèl sa yo entegre Estanda Sekirite Espas travay Commonwealth la byen espesifik pou Sektè a, epi yo konplete yo avèk rekòmandasyon ki baze sou konsèy Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Chanm Komès Ameriken (U.S. Chamber of Commerce) ak asosyasyon endistri a pou ofri meye pratik pou prepare epi retounen nan espas travay fizik la, prepare mendèv la, epi asire ke operasyon yo kontinye.

Rekòmandasyon operasyonèl sa yo aplike pou operasyon yo pandan Etap 1 Faz 3 plan reouvèti pwogresif Commonwealth la, epi Vil Boston ka chanje yo nenpòt ki lè baze sou chanjman nan Estanda Sekirite Espas Travay Commonwealth la, konsèy CDC yo, oswa lòt enfòmasyon sou sante piblik oswa lòt enfòmasyon oswa analiz sante piblik. Pou Vil Boston, Etap 1 Faz 3 nan Plan Reouvèti a ap kòmanse nan dat 13 jiyè 2020.

Rekòmandasyon operasyonèl sa yo bay biznis Boston yo eklèsisman sou fason pou opere nan Boston teni kont de divèsite, dansite, popilasyon, ak anviwònman konstriksyon inik Vil la. Men, biznis yo dwe respekte an toutan tout estanda Eta a genyen anvigè aktyèlman.

Operatè mize, enstalasyon kiltirèl ak istorik yo, ak vizit gide yo pa ka bay okenn sèvis jiskaske yo otorize prezizeman pou fè sa nan Faz 3 Plan Reouvèti Commonwealth la pou Espas Travay ak dapre dat reouvèti byen espesifik Vil Boston le 13 jiyè 2020. Enstalasyon ki rele “mize” nan rekòmandasyon operasyonèl sa yo gen ladan mize, akwaryòm, espas ak sit istorik andedan ak deyò, ak vizit gide yo.

Siveyans antre ak sòti vizitè yo endispansab pou asire ke operatè mize, enstalasyon kiltirèl ak istorik, ak vizit gide yo respekte egzijans okipasyon maksimòm modifiye yo. Yo dwe itilize rekòmandasyon operasyonèl sa yo kòm yon referans annakò avèk egzijans yo onivo Eta ak federal. Tout aksyon ki antreprann pou respekte estanda Commonwealth la ak rekòmandasyon Vil Boston yo dwe respekte tou règleman konsènan Lwa Anfavè Ameriken Andikape a (Americans with Disabilities Act) ak Konsèy Aksesibilite Achitekti Massachusetts (Massachusetts Architectural Access Board). Anplis estanda sa yo, operatè mize yo dwe kontinye respekte tout règleman, politik, sètifikasyon ak egzijans lisans aplikab yo sanzesepsyon onivo lokal, Eta, ak federal pou etablisman yo a.



Vil Boston ankouraje atoutfòs pou moun ki nan popilasyon frajil yo, espesyalman granmoun aje yo ak moun ki gen pwoblèm medikal kache yo, pou yo kontinye evite sòti an piblik ki pa nesèsè. Sante pèsònèl la tou se yon faktè ki enpòtan anpil pou konnen si mize yo ka opere an tout sekirite.

Sa ki enpòtan pou konsidere

- Reouvèti sèvis yo pral ogmante risk pou pwopagasyon COVID-19; konsa, objektif la se pou konnen, kominike, ak jere risk transmisyon yo.
- Pwogram, sèvis, ak endistri yo dwe modifiye, kèk nan yo anpil, pandan plizyè mwa oswa pi lontan jiskaske yo devlope yon vaksen oswa tretman ki efikas.
- Tout plan yo dwe gen ladan mekanis ki pèmèt pwogram ak sèvis yo kapab redwi rapidman si ka ak lanmò COVID-19 yo kòmanse ogmante.
- Mesaj ak kominikasyon piblik ki apwopriye sou plan lang ak kilti enpòtan anpil.
- Eksperyans ak bezwen moun ki afekte yon fason demezire ap neglije si yo pa konsidere yo klèman nan tout plan yo.

ESTANDA OBLIGATWA COMMONWEALTH MASSACHUSETTS

Okenn aktivite nan mize yo pa dwe fèt san respektè estanda sekirite sa yo pou espas travay pou COVID-19 byen espesifik pou sektè a pou mize yo. Pwopriyetè oswa operatè mize yo ap responsab pou respè estanda sa yo. Estanda sa yo, ki devlope avèk itilizasyon estanda sekirite nan espas travay ki endike anba a, aplike pou tout enstalasyon ak sèvis ki klase kòm mize jiskaske Eta a anile oswa modifiye yo.

- Estanda Sekirite ak Lis Kontwòl Massachusetts: Mize ak Enstalasyon Kiltirèl ak Istorik yo ak Vizit Gide yo:
<https://www.mass.gov/doc/sector-specific-workplace-safety-standards-phase-iii-step-1-for-museums-and-cultural-and/download>

LÒT ENFÒMASYON ANPLIS

Machaswiv ak resous sekirite anplis sa yo disponib pou soutni mize yo.

Commonwealth Massachusetts



Rekòmandasyon Operasyonèl Vil Boston pou Biznis Mize ak Enstalasyon Kiltirèl ak Istorik yo ak Vizit Gide yo—Faz 3, Etap 1
Konsèy Pibliye: 10 jiyè 2020

- [Biznis Navigasyon Lwazi ak Navigasyon](#)
- [Konsèy pou Ouvèti Lwazi Deyò yo](#)
- [Reouvèti: Pwotokòl Byen Espesifik pou Sektè a ak Meyè Pratik yo](#)
- [Reouvèti: Estanda Sekirite Obligatwa pou Espas Travay yo](#)

Depatman Travay Etazini (U.S. Department of Labor), Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA)

- [Paj Entènèt OSHA – COVID-19](#)
- [OSHA – Paj Entènèt Machaswiv pou Aplikasyon](#)
- [Fich Enfòmasyon OSHA](#) – Pwoteje Travayè yo Pandan yon Pandemi

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC)

- [CDC – Rekòmandasyon pou Netwayaj ak Dezenfeksyon Anviwònman an](#)
- [CDC – Konsèy Pwovizwa pou Biznis ak Patwon yo pou Planifye ak Reponn pou Maladi Kowonaviris](#) (mizajou 3/21/20)

Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA):

Lis dezenfektan EPA apwouve yo:

- <https://www.epa.gov/pesticide-registration/list-n-disinfectants-use-against-sars-cov-2>

Depatman Travay Etazini

Enfòmasyon sou dwa konje anplwaye:

- [Lwa Depatman Travay Fanmi Anpremye nan Repons pou Kowonaviris](#)



Estanda sekirite byen espesifik pou espas travay annapre la yo òganize sou kat kategori apa ki kouvri Espas Fizik ak Distans Sosyal; Jesyon ak Anplwaye yo; Pwotokòl pou Netwayaj, Dezenfeksyon ak Ijyèn; ak Ka Konfime yo. Tanpri konnen: Pou tout lis kontwòl ki annapre la yo, eleman ki endike an karaktè fonsè yo se estanda obligatwa oswa rekòmandasyon ke Commonwealth Massachusetts la pibliye. Eleman ki pa endike an karaktè fonsè yo se estanda anplis ke Vil Boston rekòmande.

LIS KONTWÒL ESPAS FIZIK AK DISTANS SOSYAL

Jesyon mize yo ak pèsònèl anplwaye yo dwe mete adaptasyon an plas pou garanti ke vizitè yo ak anplwaye yo respekte pratik distans sosyal yo.

Egzijans Obligatwa	Sitiyasyon
<p>Chak mize dwe siveye antre ak sòti vizitè yo epi limite okipasyon an toutan pou chak bilding ki louvri pou piblik la a eleman ki annapre la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Karant pousan okipasyon maksimòm enstalasyon an otorize genyen, jan sa dokimante nan pèmi okipasyon ki gen nan dosye nan depatman bilding minisipal la oswa lòt kote ki kenbe dosye minisipal • Enstalasyon ki pa gen okenn limit okipasyon pou yo nan dosye ka otorize uit moun (ankontan pèsònèl la) sou chak 1,000 pye kare nan espas aksesib andedan oswa deyò. • Nan tout sikonstans, okenn espas fèmèn nan etablisman an pa ka depase okipasyon uit moun sou chak 1,000 pye kare. • Tout kontaj ak kalkil okipan yo dwe gen ladan vizitè yo, pèsònèl la, ak lòt travayè yo. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Afiche siyalizasyon vizib klèman konsènan nesosite pou kenbe 6 pye distans sosyal ak pou pa antre nan yon pyès jiskaske distans sa a ka respekte.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Ankouraje pou mize yo ofri èdtan privejye oswa lòt aranjman pou moun ki nan popilasyon ki gen gwo risk yo jan CDC defini sa.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Asire separasyon 6 pye oswa plis ant moun yo lè sa posib:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fèmèn oswa reyaranje espas komen travayè yo ak zòn gwo dansite kote travayè yo gen anpil chans rasanble (pa egzanp, chanm pou pran poz, zòn pou manje) pou pèmèt distans sosyal. • Klwazon fizik omwen 6 pye wotè dwe separe pòs travay ki pa kapab espase. • Enstale baryè fizik pou gichè tikè yo, kès yo, elatriye kote sa posib. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt



<ul style="list-style-type: none"> • Enstale makè vizyèl pou distans sosyal (pa egzanp, liy deyò mize a si sa aplikab, liy pou fè peman, liy pou ale nan twalèt) pou ankouraje vizitè yo rete 6 pye distans youn ak lòt • Make sal ekspozisyon ak koulwa yo pou endike 6 pye separasyon 	
Etabli pasaj ak direksyon pou jere sikilasyon vizitè pou trafik apye, si sa posib, pou diminye kontak nèt (pa egzanp, antre ak sòti sans inik nan chanm yo ak/oswa ekspozisyon yo, pasaj sans inik). Afiche siyalizasyon vizib aklè konsènan règleman sa yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Chanje lè pou manje midi ak poz, sa ki regle kantite maksimòm moun yo nan yonsèl kote, epi asire omwen 6 pye distans fizik.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Metete vizitè yo ak travayè yo nan tout kontaj ak kalkil okipan yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Egzije pwoteksyon figi pou tout travayè ak vizitè yo eksepte lè li danjere akòz yon pwoblèm medikal oswa andikap	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje lavant tikè sou entènèt ak metòd peman san kontak, si sa posib.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Anvizaje itilize tikè antre ak/oswa rezèvasyon kwonometre epi enpoze limit tan pou vizit yo pou garanti respè limit okipasyon yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje itilizasyon vèsyon elektwonik dokiman gid yo (sètadi bwochi ak gid galri yo) kote sa posib. Tout dokiman gid fizik yo (sètadi, bwochi sou papye, gid galri yo, ak gid odyo yo) dwe jete oswa dezenfekte ant itilizasyon yo. Yo dwe retire nenpòt sipò pou sèvi tèt epi yo dwe distribye tout materyo yo pèsònèlman.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Meyè Pratik/Rekòmandasyon	Sitiyasyon
Respekte egzijans distans sosyal nan ekspozisyon entèaktif pou timoun yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Enstale makè vizyèl pou distans sosyal (pa egzanp, liy nan antre prensipal la si sa aplikab, liy pou fè peman, liy pou ale nan twalèt) pou ankouraje vizitè yo rete 6 pye distans youn ak lòt.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Metete makè deyò antre prensipal yo pou asire yon distans 6 pye pou vizitè k ap tann deyò pou antre.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Amelyore sikilasyon lè pou espas fèmèn yo kote sa posib (pa egzanp, louvri pòt ak fenèt yo).	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Deplwaye estasyon dezenfeksyon nan zòn gwo trafik yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

LÒT EGZIJANS ANPLIS POU ESPAS FIZIK

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmandasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri voye yon imèl bay reopening@boston.gov.



Lòt egzijans anplis pou espas fizik ak limit gwosè gwoup yo pou vizit gide yo nan fason konsa:

Egzijans Obligatwa	Sitiyasyon
Chak operatè vizit ki itilize yon otobis oswa lòt veyikil (pa egzanp, trolley, bato kwazyè nan pò, oswa bato kann) dwe limite okipasyon an toutan a 50% okipasyon maksimòm ki otorize pou veyikil oswa bato a jan sa dokimante nan pèmi okipasyon li ki nan dosye kay detantè dosye minisipal ki konsène a.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Yo dwe detèmine limit okipasyon pou vizit nan bato ki itilize bato ki gen espas pon ki louvri ki ka itilize pou resevwa pasaje dapre fòmil ki itilize pou fikse limit okipasyon bato frete yo, ki endike nan Estanda Sekirite ak Reouvèti Espas Travay pou Bato pou Lwe ak Bato pou Frete yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Vizit espas ki pa gen okenn limit okipasyon otorize pou yo nan dosye dwe limite okipasyon an baze sou direktiv pou Evènman Andedan ak Deyò ki sou Sit-entènèt Reouvèti an.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Tout kontaj ak kalkil okipan yo dwe gen ladan vizitè yo ak travayè yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Gwoup pasaje yo dwe separe ak chèz vid nan veyikil la. Si sa pa posib, veyikil yo dwe chanjeranje louvri yo	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Operatè vizit yo dwe limite gwosè gwoup la nan Vizit apye yo a gwoup ki pa plis pase 10 moun (sa gen ladan gid yo). Rekòmande pou limite gwoup vizit yo a manm nan yon menm fwaye sèlman.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Gid yo ak envite yo dwe kenbe 6 pye distans epi mete pwoteksyon figi.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

LIS KONTWÒL JESYON AK ANPLWAYE MIZE

Jesyon mize yo ak pèsònèl anplwaye yo dwe asire ke egzijans kontinyèl sa yo respekte yo toutan. Sizoka mize a itilize yon kontraktè pou aktivite andedan etablisman an tankou sèvis netwayaj, sèvis manje, oswa sèvis lenj, jesyon an responsab pou asire ke pèsònèl kontraktè a respekte menm obligasyon sekirite ki an plas nan espas travay la pou anplwaye ak vizitè yo. Sa gen ladan asire ke pèsònèl kontraktè a gen ekipman pwoteksyon pèsònèl apwopriye ak fòmasyon sou mezi ak pwotokòl sekirite ki genyen nan enstalasyon yo.

Egzijans Obligatwa	Sitiyasyon
--------------------	------------



<p>Bay fòmasyon pou travayè yo sou enfòmasyon ajou nan zafè sekirite ak prekosyon, sa gen ladan ijyèn ak lòt mezi ki vize redwi transmisyon maladi, ansanm ak sa ki annapre la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Distans sosyal, lavaj men, ak bon itilize pwoteksyon figi • Evalyasyon tèt ou lakay ou, sa gen ladan kontwòl tanperati oswa sentòm yo • Enpòtans pou pa vin travay sizoka maladi • Kilè pou chèche jwenn swen medikal si sentòm yo vin grav • Ki pwoblèm sante kache ki ka rann moun pi fasil pou trape ak soufri yon ka grav ak viris la 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Egzije pwoteksyon figi pou tout travayè ak vizitè yo eksepte lè li danjere akòz yon pwoblèm medikal oswa andikap.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Ajiste èdtan yo ak peryòd travay yo nan espas travay la (pwofite avantaj ekip ki travay avèk orè diferan oswa chanje vini ak/oswa depa yo) pou diminye nèt kontak ant travayè yo, epi redwi konjesyon nan pwen dantre yo.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Etablisman yo ta dwe kenbe èdtan fonksyonman pou pèmèt sanitasyon ak netwayaj ap fèt andeyò èdtan fonksyonman yo.</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Limite vizitè ak founisè sèvis sou plas yo; ekspedisyon ak livrezon yo dwe fèt nan zòn deziyen yo</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Pou evalye travayè yo nan chak peryòd travay, enstalasyon yo dwe asire sa ki annapre la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Travayè yo pa gen okenn sentòm tankou lafyèv (100°F ak pi wo) oswa frison, tous, souf kout, malgòj, fatig, maltèt, doule nan misk ak/oswa doule nan kò, nen k ap koule ak/oswa konjesyon, nouvo pèt kapasite pou pran gou oswa pran sant, kèplen, vomisman, oswa dyare. • Travayè yo pa te gen “kontak pwòch” ak yon moun ki gen yon dyagnostik COVID-19. “Kontak pwòch” vle di ap viv nan menm kay ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, ap pran swen yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, te nan mwens ke 6 pye distans pandan 15 minit oswa plis ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, oswa antre an kontak dirèk avèk sekresyon (pa egzanp, pataje istansil, li te touse sou ou) yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pandan moun sa a pa te gen sentòm. • Doktè li oswa yon responsab sante piblik lokal pa te mande travayè a pou li izole oswa pou mete tèt li an karantèn. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt



<ul style="list-style-type: none">• Yo dwe voye lakay yo travayè ki pa ranpli kritè yo ki anwo a.	
Kenbe yon dosye travayè ak vizitè yo pou soutni rechèch kontak ki ka gen pou fèt (non, dat, lè, enfòmasyon pou kontakte yo).	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Travayè yo pa dwe prezante nan travay si yo santi yo malad.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Afiche pou travayè yo ak vizitè yo avi enfòmasyon sou sante ak mezi sekirite aplikab yo, jan sa endike nan <u>Estanda Sekirite Obligatwa Commonwealth la pou Espas Travay</u> .	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ekspozisyon entèaktif (sètadi, ekspozisyon pou manyen ak santi, zòn pou jwe yo) dwe fèmen oswa yo dwe aranje avèk 6 pye distans ki make aklè ak resevwa netwayaj ak dezenfeksyon souvan. Estasyon pou ijyèn men (avèk savon ak dlo oswa yon dezenfektan pou men abaz alkòl) dwe aksesib pou ankouraje yon itilizasyon san danje.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Lòt ekipman ak sèvis anplis sou plas yo ka ouvri ak opere sèlman lè ekipman oswa sèvis sa yo ta otorize fonksyone otreman dapre Plan Reouvèti Pwogresif Commonwealth la, epi apre sa yo dwe respekte tout pwotokòl sekirite byen espesifik pou sektè a, ki disponib sou <u>sit-entènèt Plan Reouvèti a</u> , ki aplikab pou ekipman oswa sèvis la. Egzanp yo gen ladan sa ki annapre yo: <ul style="list-style-type: none">• Restoran yo: Dwe swiv direktiv ki pi resan pou restoran yo• Magazen kado yo: Dwe swiv direktiv ki pi resan pou detayan yo• Lokal espektak yo: Dwe swiv direktiv pi resan yo pou lokal espektak yo• Evènman yo: Dwe swiv direktiv pi resan yo pou evènman andedan ak deyò yo	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<ul style="list-style-type: none">• Kominike règleman espas travay la klèman, souvan, ak pa mwayen plizyè kanal.• Konsidere apèl konferans chak jou avèk tout pèsonèl la oswa anrejistreman vityèl pou distribye enfòmasyon ak chanjman politik yo.• Pou evite stigma ak diskriminasyon nan espas travay la, kenbe enfòmasyon medikal yo prive annakò avèk lwa Eta ak federal yo.• Kenbe politik estrik kont diskriminasyon, ak yon politik zewo tolerans pou nenpòt sipozisyon risk oswa eta enfeksyon COVID-19 ki baze sou ras oswa peyi kote moun sòti, epi ofri yon fason san danje pou travayè yo rapòte yon ka diskriminasyon.	<input type="checkbox"/> Ap fèt



<ul style="list-style-type: none">• Kominike klèman pou pèsone l la chanjman nan règleman ak pwosedi yo pandan plizyè jou alavans oswa plis tout lè sa posib epi bay yon mekanis pou resevwa kesyon, sijesyon, ak kòmantè nan men pèsone l la.	
Meyè Pratik/Rekòmasyon	Sitiyasyon
Sèvi ak yon Sistèm Notifikasyon pou Ijans epi kenbe enfòmasyon pou pran kontak ki ajou pou anplwaye yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje travayè yo pou yo rapòte nenpòt pwoblèm sekirite ak sante.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Lè sa posib, pèmèt fleksibilite nan lè travay yo dekwa pou anplwaye yo ka fè lanavèt nan moman ki pa gen ankonbreman	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje anplwaye yo pou yo lave men yo byen vit otank posib lè yo antre nan espas travay la	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Mize yo dwe fè yon kontwòl depistaj sentòm lè vizitè yo ap anrejistre nan biwo devan an. Ankouraje vizitè yo pou yo retounen lakay yo si vizitè a oswa pètèt yon moun nan kay la endike sentòm ki ka COVID-19. <ul style="list-style-type: none">• Vèsyon Preliminè: “Nan 2 a 14 jou ki sot pase yo èske oumenm oswa yon moun nan kay la te ekspoze nan viris COVID-19 epi/oswa ou gen sentòm COVID-19 ki annapre la yo?<ul style="list-style-type: none">■ Lafyèv oswa frison■ Tous■ Souf kout oswa difikilte pou respire■ Fatig■ Doulè nan misk oswa doulè nan kò■ Maltèt■ Vin pa ka pran gou oswa pran sant■ Malgòj■ Konjesyon oswa nen k ap koule■ Kèplen oswa vomisman■ Dyare”	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Si sa posib, mete an plas yon sistèm rezèvasyon pou etablisman an. Sèvi ak sistèm rezèvasyon an pou kontakte kliyan ki gen rezèvasyon yo 24 èdtan anvan lè ki pwograme pou yo rive pou konfime rezèvasyon yo epi mande yo si	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri voye yon imèl bay reopening@boston.gov.



yomenm oswa yon moun nan kay yo prezante nenpòt sentòm COVID-19. Si kliyan an reponn wi, yo dwe raple kliyan an ke li dwe sèlman itilize enstalasyon an si li pa poze yon risk pou sante lòt kliyan yo oswa travayè mize a. Kominikasyon sa yo ka fèt pa mwayen aplikasyon, imèl, oswa tèks, si sa posib.	
Bay anplwaye yo ekipman pwoteksyon pèsònèl.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Fè kontwòl tanperati ak/oswa sentòm pou tout travayè yo nan kòmansman peryòd travay yo ak nenpòt founisè oswa kontraktè k ap antre nan etablisman an. Asire ke moun k ap fè kontwòl tanperati ak/oswa sentòm evite kontak pwòch avèk travayè yo nan tout limit sa posib.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Si li pa posib pou fè kontwòl tanperati sou plas, yo ka mete an plas pou fè pwòp konwòl ou lakay ou. Asire ke kontwòl la fèt anvan travayè a kite lakay li pou peryòd travay li epi li swiv machaswiv CDC yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

LIS KONTWÒL POU NETWAYAJ DEZENFEKSYON AK IJYÈN

Jesyon mize yo ak pèsònèl anplwaye yo dwe asire ke egzijans netwayaj ak ijyèn kontinyèl sa yo an plas epi yo respekte yo toutan.

Egzijans Obligatwa	Sitiyasyon
Dezenfekte ekipman pataje anvan yon lòt anplwaye itilize li.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Asire aksè nan enstalasyon pou lavaj men sou plas, sa gen ladan savon ak dlo k ap koule, tout kote sa posib epi ankouraje lavaj men souvan. Kòm lòt chwa, yo ka itilize dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen 60% alkòl omwen.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Founi travayè yo nan pòs yo nan espas travay la pwodui netwayaj apwopriye (pa egzanp, dezenfektan, ti sèvyèt dezenfektan).	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Yo dwe mete disponib dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen 60% alkòl omwen nan antre yo ak nan tout zòn planche yo alafwa pou travayè ak vizitè yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Evite pataj ekipman ak founiti ant travayè yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmandasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri voye yon imèl bay reopening@boston.gov.



Afiche siyalizasyon vizib nan tout sit la pou raple travayè yo pwotokòl ijyèn ak sekirite.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Kenbe dosye netwayaj ki gen ladan dat la, lè a, ak dimansyon netwayaj la.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan nan sit la omwen chak jou epi pi souvan si sa posib. Vil Boston rekòmande (omwen) pwogram netwayaj ki endike annapre la a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tout lavabo pou lavaj men yo dwe byen apwovizyone avèk savon ak sèvyèt an papyè pou lavaj men epi tcheke ak/oswa apwovizyone yo ankò omwen twa fwa pa jou. • Pèsonèl la oswa netwayè pwofesyonèl dwe netwaye zòn kominal yo nan bilding lan omwen de fwa pa jou. • Netwaye ak dezenfekte saldatant, antre yo, asansè yo, ak chanm pou pran poz yo omwen de fwa pa jou. • Tout zòn anpil moun manyen yo dwe netwaye ak dezenfekte avèk yon dezenfektan EPA apwouve omwen twa fwa pa jou ak senk fwa pa jou si sa posib. Egzanp zòn anpil moun manyen yo gen ladan sa ki annapre la yo: <ul style="list-style-type: none"> • Manch pòt, manch, ak bawo nan antre ak sòti yo, ak twalèt yo • Pwa, kòd, ak lòt ekipman antrènman (anplis nan entèval chak itilizasyon) • Switch limyè ak bouton asansè yo • Wobinè ak bouton lavabo yo • Chèz ak manch nan twalèt yo • Manch pòt kabin yo nan twalèt yo • Biwo resepsyon, anlè kontwa, ak sifas menm jan • Telefòn, souri òdinatè, ak klavye pataje yo • Pwosesè ak rejis peman yo • Veso estokaj ak bokit pou sèvyèt ak ekipman yo 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Fè dezenfeksyon souvan nan zòn anpil trafik ak sifas anpil moun manyen yo (pa egzanp, manch pòt yo, twalèt, pànye, charyo, chanm pou anplwaye pran poz).	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Sizoka gen yon ka pozitif, fèmen sit la pou yon netwayaj ak dezenfeksyon afon nan espas travay la annakò avèk direktiv CDC nan moman an.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri voye yon imèl bay reopening@boston.gov.



Meyè Pratik/Rekòmandasyon	Sitiyasyon
Kenbe yon bonjan chèn apwovizyonman pou asire kontinyasyon founiti endispansab anrapò ak COVID-19 epi idantifye founisè rezèv sizoka gen restriksyon nan apwovizyonman.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Kote sa posib, enstale distribitè otonòm ti sèvyèt dezenfektan pou yon sèl itilizasyon bò ekspozisyon entè-aktif pou timoun yo ak zòn yo manyen souvan yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Entèdi itilizasyon sachè ki ka resèvi. Mize yo otorize sèvi ak sachè an plastik oswa an papyè.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Kote sa posib, louvri fenèt yo pou pi bon sikilasyon lè.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Planifye netwayaj souvan nan espas piblik yo, sifas anpil moun manyen yo, ak zòn kominal yo, sa gen ladan ekspozisyon entè-aktif pou timoun yo ak zòn pou jwe yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Etablisman an dwe gen yon plan netwayaj alekri ki disponib fasilman pou tout anplwaye yo tcheke li pandan peryòd travay yo, ki gen ladan konsiderasyon ki annapre la yo byen espesifik pou COVID-19:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tout lavabo pou lavaj men yo dwe byen apwovizyone avèk savon ak sèvyèt an papyè pou lavaj men epi tcheke ak/oswa apwovizyone yo ankò omwen twa fwa pa jou. • Pèsonèl la oswa netwayè pwofesyonèl dwe netwaye zòn kominal yo nan bilding lan omwen de fwa pa jou. • Tout zòn anpil moun manyen yo dwe netwaye ak dezenfekte avèk yon dezenfektan EPA apwouve omwen twa fwa pa jou ak senk fwa pa jou si sa posib. Egzanp zòn anpil moun manyen yo gen ladan sa ki annapre la yo: <ul style="list-style-type: none"> ■ Manch pòt, manch, ak bawo nan antre/sòti yo, ak twalèt yo ■ Switch limyè ak bouton asansè yo ■ Wobinè ak bouton lavabo yo ■ Chèz ak manch nan twalèt yo ■ Manch pòt kabin yo nan twalèt yo 	<input type="checkbox"/> Ap fèt



<ul style="list-style-type: none"> ■ Biwo resepsyon, anlè kontwa, ak sifas menm jan ■ Telefòn, souri òdinatè, ak klavye pataje yo ■ Pwosesè ak rejis peman yo ■ Veso estokaj yo 	
Yo dwe kenbe sou plas yon dosye netwayaj ak dezenfeksyon chak jou.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Netwaye ak dezenfekte saldatant, antre yo, asansè yo, ak chanm pou pran poz yo omwen de fwa pa jou.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
<p>Etabli yon pwotokòl Aksyon Repons pou netwaye espas kote te gen ka konfime enfeksyon ak/oswa ekspozisyon ak pou notifikasyon bay kowòdonatè espas travay la.</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Si yo enfòmè jesyon an pou yon ka pozitif nan yon bilding, fèmen seksyon an nan bilding kote moun sa te gen aksè ladan pou fè yon netwayaj afon. ● Sizoka gen notifikasyon yon ka pozitif nan yon bilding, asire netwayaj ak dezenfeksyon nan zòn kominal yo tankou antre, sòti, koulwa, ak twalèt yo. 	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Ankouraje itilizasyon blokaj pòt tout kote sa posib pou minimize kontak oswa itilizasyon chak moun nan manch pòt yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt

LIS KONTWÒL KA KONFME YO

Ka COVID konfime pou anplwaye mize oswa vizitè anvan yo pral mande egzamen ak respè lis kontwòl sa a.

Egzijans obligatwa	Sitiyasyon
<p>Si yo enfòmè patwon an pou yon ka pozitif nan espas travay la (sa gen ladan pou anplwaye, vizitè, founisè, pèsònèl livrezon, oswa nenpòt moun ki gen aksè nan etablisman an), patwon an dwe enfòmè Konsèy Sante lokal (LBOH) kote espas travay la lokalize, epi kolabore avèk yo pou chèche kontak pwobab nan espas travay la epi konseye travayè ak lòt moun ki te petèt gen aksè nan espas la pou izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka rekòmande pou fè tès pou lòt travayè ki te gen aksè nan menm espas la annakò avèk direktiv ak/oswa sou demann LBOH lan.</p> <p>Sizoka yon anplwaye enfòmè yon patwon pou yon ka COVID pozitif, patwon an dwe jwenn konsantman nan men anplwaye a pou li pataje enfòmasyon pèsònèl anplwaye a avèk Komisyon Sante Piblik Boston (Boston Public Health Commission, BPHC). Si patwon an pa resevwa konsantman pou pataje enfòmasyon anplwaye a, patwon an ka rele BPHC kanmenm pou jwenn konsèy jeneral sou fèmti ak idantifikasyon kontak pwòch yo. Patwon an pa kapab</p>	<input type="checkbox"/> Ap fèt

Si ou gen nenpòt kesyon sou rekòmasyon operasyonèl Vil Boston pou biznis, patwon, ak pwopriyetè komèsyal yo konsènan estrateji pou retounen nan travay pou espas travay biwo yo, tanpri voye yon imèl bay reopening@boston.gov.



devwale enfòmasyon sou ka konfime a bay kontak pwòch yo akòz pwoblèm konfidansyalite. Lòt ajans sante piblik ki pa BPHC gendwa responsab fonksyon sa a selon anplasman ka ki konfime a.	
Sizoka gen yon ka pozitif, fèmen sit la pou yon netwayaj ak dezenfeksyon afon nan espas travay la annakò avèk direktiv CDC nan moman an.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Meyè Pratik/Rekòmandasyon	Sitiyasyon
Travayè ki teste pozitif pou COVID-19 pa dwe otorize retounen nan travay jiskaske yon pwofesyonèl medikal otorize yo kòm moun ki san sentòm pandan omwen 3 jou epi gen omwen 10 jou ki pase depi sentòm yo te premye parèt.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Yo dwe ankouraje nenpòt vizitè anvan ki te enfòme mize a pou yon ka pozitif pou li kontakte LBOH lan. Jesyon biznis lan dwe kontakte tou nenpòt anplwaye ak vizitè oswa envite koni ki gendwa te antre kontak ak vizitè sa.	<input type="checkbox"/> Ap fèt
Kenbe ak egzamine dosye vizitè yo ak anplwaye yo jan sa nesèsè pou jwenn enfòmasyon pou soutni efò pou chèche kontak yo.	<input type="checkbox"/> Ap fèt